

INYIGISHO UMUVYEYI PAPA FRANSISKO ASHIKIRIJE KU MUSI UGIRA
UWA 57 WAHARIWE AMAHORO KW'ISI YOSE : 01/01/2024

UBWENGE BUHANITSE BW'UBUHINGA BWA NONE N'AMAHORO

Mu ntango z'uyu mwaka mushasha w'imigisha umwe wese agabiwe n'Umukama, nashaka gushikiriza indamutso y'amahoro igihugu c'Imana, ibihugu vyose, abakuru b'ibihugu n'Amaleta, abaserukira amadini n'abashinzwe kwunganira imibano y'abantu, hamwe n'abantu bose, abagabo n'abagore ba none.

1. Iterambere ry'ubumenyi n'ubuhinga nk'inzira iroresha ku mahoro

Inyandiko nyeranda ziratumenyesha ko Imana yagabiye abantu Mutima wayo ngo baronke « *ubwitonzi, ubwenge n'ubumenyi bwo gukora ibikorwa bitandukanye* » (Ihunguka 35, 31). Ubwenge ni ikemenyamenya c'agateka kadasanzwe twagabiwe n'Umuremyi yaturemye ku gashusho kiwe (Amamuko 1, 26) akaduha gurtyo gushobora kwitura urwo rukundo tubizi kandi ata gahato. Ubumenyi n'ubuhinga biragaragaza, ku buryo vyisangije, uruhara rukomeye ubwenge bufise mu gufasha cane abantu kumenya kwunga imigenderanire. Ubumenyi n'ubuhinga ni ivyamwa vy'agatangaza vy'ubwenge bwa muntu bwama burondera gushika ku bintu bishasha uko bukeye uko bwije.

Uko kuri ni ko dusanga mu nyigisho y'Inama nkuru y'Umuryango w'Ekleziya yabereye i Vatikano ubugira kubiri mu nyandiko yise *Akanyamuneza n'umwizero* (Gaudium et spes). Nkako irashimangira uko kuri mu kwemeza icese ko « *umuntu, ku bw'igikorwa ciwe n'ubukerebutsi, yamye arondera guteza imbere ubuzima bwiwe* » (GS 1) .

Igihe cose abantu bagerageza gutunganya isi bafashijwe n'ubuhinga kugira ngo icike uburaro bw'iteka bubereye umuryango w'abantu, baba bariko bakora bisunze umugambi w'Imana kandi barondera ko ishaka ryayo ryoranguka no mu vyaremwe vyose, gutyo n'amahoro akaboneraho gukwira mu bantu bose. Uko ni ko n'iterambere ry'ubumenyi n'ubuhinga, igihe cose rifasha gutunganya neza imibano y'abantu, rigakomeza umwidgegemvyo n'ukunywana hagati yabo, bituma umuntu yisununura mu kwishira n'ukwizana kwiwe no mu bunywanyi bw'abavukanyi; ivyo vyose bigashikana k'ugukuzwa umuntu n'ukuryohora isi.

Ntitworeka guhimbarwa no gukenguruka intambwe idasanzwe mw'iterambere ry'ubumenyi n'ubuhinga. Nkako ryaje ritorera umuti amabi atari make, ahanze abantu, uravye amakuba barimwo. Turabona yamara ko naho ubwo bumenyi n'ubuhinga biha ubushobozi umuntu ngo atunganye ivyaremwe, ntitwokwibagira yuko bimwe muri vyo bishobora gutera ibibazo muri kazoza k'abantu no kugeramira inzu yacu rusangi.

Iterambere riteye igomwe tubona mu bumenyi n'ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru, rituronsa uburyo bw'agahore kandi buhimbaye cane, naho butera impungenge kubera inkurikizi zibonekeza hageze kuremesha ubutungane n'umubano mwiza mu bantu.

Ni naco gituma ari nkenerwa kwubahuka kwibaza bimwe bimwe vyihutirwa. Mbega ni izahe inkurikizi za hagufi n'iza kure zoba ziri muri ubwo buhinga ngurukanabumenyi bwa none? Ubwo buhinga bufise izahe nkurikizi ku buzima bw'abantu n'imibano, ku mutekano hagati y'ibihugu hamwe n'amahoro ?

2. Kazoza k'ubwenge buhanitse bufatiye k'ubuhinga bwa none gashishiriye umwizero n'impungenge

Iterambere mu buhinga ngurukanabumenyi bwa none rimaze igihe ryibonekeza muri iyi myaka ryarahinduye vyinshi mu buzima bw'imibano y'abantu muri rusangi no mu nkingi zabwo. Ivyo bikoresho bishasha ngurukanabumenyi birahindura itunganywa n'ingendo yo guhanahana amakuru, ugutunganya ivy'intwari, ivy'inyigisho, ivyo kwibeshaho, ivy'imigenderanire mu bantu eka no mu zindi mpande zitandukanye z'ubuzima bwa misi yose.

Bisubiye kandi, biribonekeza neza ko mu gukoresha, ku bwinshi, ubuhinga butandukanye burimwo iminyuro myinshi yuzuzanya, abahinga barashobora gusokora bagatora ivyo bakeneye kugira ngo binjire mu rubuga, mbere bagenzure ivyo abantu bamamwo canke bakorerayo bijanye n'imigenderanire hagati yabo. Ivyo babigira bishimikije inyungu zabo zitamenywa n'abifashisha ubwo buhinga mu buryo busanzwe; izo nyungu na zo usanga zifatiye ku rudandazwa canke ku vya politike. Benevyo ntavyo baba baciye n'ikanda, bigatuma badashobra kwisanzura no kwiyumva hageze guhanahana amakuru canke ivyo bakora. Nkako, kubera ko urubuga ngurukanabumenyi rwama rwuzuye amakuru y'umurenge,

abahinga barashobora gucekerera amakuru ku buryo bene kwifashisha ubwo buhinga ata na kimwe bamenya.

Dutegerezwa kwibutsa ko ubushakashatsi mu vy'ubumenyi no mu vy'ubuhinga bwama bugirwa buri n'ico bwisunga, kuko bufatira ku mico y'igihe abantu bagezemwo.

Kubera ko ari ibikorwa bihingurwa n'abantu, vyama vyisunga intumbero ifatiye ku mico n'imigenzo y'abantu, ku kibano no ku gihe abantu bagezemwo. Ivyo rero bica bitanga inyishu canke ivyamwa bifatiye kuri ico gihe nyene. Nkako ingingo zifatwa ziza zifise intumbero bisunze mu gihe cabo.

Ivyo turiko turavuga birajanye rwose n'ibi twita « **ubwenge buhanitse bufatiye k'ubuhinga bwa none** ». Nkako, nta jambo ndangurakintu ryabwo riraboneka haba mu gisata c'ubumenyi canke c'ubuhinga. Ego, iryo jambo riramaze kwinjira mu mvugo ya none mugabo ico risigura kikaba kigizwe n'ibintu vyinshi bijanye n'ubumenyi, be n'ubuhinga burondera ko imashini zigana mu ngiro yazo ububasha bw'ubumenyi bw'umuntu. Nico gituma, turivuze mu bwinshi tuba turondera nyene kwerekana icyo manga iri hagati y'ibigize ubwo bwenge buhanitse, naho umengo biratangaje, n'umuntu ubwiwe. Yamara naho bihambaye biri naho bigarukira kuko vyigana canke bikora bimwe bimwe gusa mu bijanye n'ubushobozi bw'ubwenge bw'umuntu.

Mu gukoresha mu mvugo yo muri bwinshi, tuba dushaka kwerekana dushimitse ko ubwo bwenge bugizwe n'ibintu vyinshi bifatiye ku mico n'igihe ca bene kubihingura no kubikoresha. Nico gituma, inkurikizi zavyo ziza zifatiye ku bavyiyumviriye, bakabihingura, bakabiteza imbere bisunze intumbero zabo, hamwe n'inyungu babifisemwo n'igihe baba bagezemwo.

« **Ubwenge buhanitse bufatiye k'ubuhinga bwa none** » duhamagariwe kubutegera nk'agatu gashishiriye ibintu vyinshi bitandukanye. Ntidushobora kwiyumvira yuko iterambere ryabwo rizokwama ryunganira, ku buryo ngirakamaro, kazoza k'isi n'amahoro hagati mu bantu. Kugira ngo bugire ikimazi ni uko twese tuvira hasi rimwe maze tukarwanira agateka be n'imico yubaka zina muntu wese irangwa n'« ukwakira bose, ugukorera mu mucu, umutekano, ubutungane, n'ukwizerana. »

Ntawoja ngaho ngo yiyumvire yuko abahingura ubwo bwenge mu kwiyumvira ihumbi ryose ry'ubuhinga bakoresha ko bama bashira imbere igikuza umuntu mu mico yiwe canke mu ngiro yiwe. Ni co gituma haguma hakenewe gutegekanya no gukomeza inzego zokwama zihweza ibijanye no gukuza umuntu no gukingira uburenganzira bw'ababukoresha mu buryo butandukanye canke abo bushikira mu buryo n'ubundi.

Uko ubwo buhinga bushwara isi niko bikenerwa gutegekanya inyigisho zibereye zo gufasha abantu gukorana ubwitonzi mu kubuteza imbere. Ukwishira n'ukwizana be n'umubano wubakiye ku mahoro biguma bigeramiwe igihe cose abantu bagwa mu nyosha mbi z'ukwikunda, ukwironderera inyungu, ugutwarwa n'umunoho w'ivy'isi be n'akanyota k'ubukuru. Dutegerezwa kubona kure kugira ngo habe gutumbereza ubushakashatsi mu vy'ubumenyi n'ubuhinga ku mahoro n'ineza rusangi igamije guteza imbere umuntu wese uko yakabaye, mu mpande zose tutibagiye n'ineza y'umubano w'abantu.

Agateka ndemanwa ka zina muntu wese hamwe n'umuvukano biradufatanya kubera dusangiye umuryango umwe w'abantu. None bitegerezwa kuba umushinge w'iterambere ry'ubwo buhinga bwa none, maze bikanafasha kuburimbura imbere yo kubukoresha. Gurtyo, iterambere ry'ubuhinga ngurukana bumenyi rizoranguka mu kwubahiriza ubutungane no mu guterera mu ngendo y'amahoro. Ni co gituma iterambere ryose ry'ubuhinga bwa none riza ridafasha abantu kwisununura, ahubwo rikavyara amacakubiri n'imishamirano mu bantu bifatiye ku busumbasumbane bwabo, ntirishobora kwitwa iterambere nyakuri.

Kuva ubu « **Ubwenge buhanitse bufatiye k'ubuhinga bwa none** » bugiye kurushirizaho gukomera. Naho biri uko ibibazo bitandukanye ntivyobura kandi bifatiye ku buhinga nyene, ku kamere ka muntu, ku ndero, ku mibano no ku ntwaro. Nk'akarorero, ubwo bwenge buremerera abantu ko bugiye gufasha ngo habe ukugabanya abakozi basubiriwe n'imashini, habe ukugwiza umwimbu gushemeye, ukorohereza abantu mu kwiyounguruza bitabagoye, gushinga amasoko ya kijambere agezweho hamwe no kworohereza igikorwa co kwegeranya, gutunganya no gusuzuma inyandiko (nkenerwa mu bisata bitandukanye). Dutegerezwa gutegera ko hariho impinduka nyinshi kandi zinyaruka ku buryo duhamagariwe guhangana nazo mu kurwanira agateka ka zina muntu, mu kwubaha inzego n'amategeko bishigikira iterambere ryuzuye ry'umuntu. Ubwo bwenge

tuvuga butegerezwa gushikana umuntu ku ciza gisumbirije, acambirwa aho kukinigira mu menshi.

3. Muri kazoza k'ubuhinga imashini zizokwiyigisha zo nyene

Mu buryo butandukanye, « **Ubwenge buhanitse bufatiye k'ubuhinga bwa none** », naho bukiri mu ntango, buramaze gutuma haba ihindagurika mu buzima bw'imibano, imico, inyifato mu mibano y'abantu no mu ngendo yo kwubaka amahoro. Iterambere ridakenere umuntu hageze kwiga ari vyo kandi bita 'ukwiga kwimbitse' ntiryobura kuvyura ibibazo birengeye kure n'iyo ibijanye n'ubuhinga. Nkako biza bifatira k'ukugene dutegera ubuzima bw'umuntu, ku ngendo n'intambuko nyamukuru z'ukumenya n'ugutegera ibintu, hamwe n'ubushobozi bwo gutegera ukuri.

Naho hari ivyuma bishobora kwandika ibitari bike mu buryo bwumvikana, ivyo vyo nyene ntibikwiye. Abahinga bavuga ko ivyo vyuma bishobora kutuzirika ku katsi mu kudushikiriza ibintu womengo ni vyo kandi vyumvikana mugabo mu nyuma ugasanga harimwo amahinyu. Ivyo ntivyoreka gutera inzoberanya mu gihe « **Ubwenge buhanitse bufatiye k'ubuhinga bwa none** » bukoreshewe mu guhubisha abantu bigatuma bata umwizero mu buhinga bwo guhanahana amakuru.

Ubwo buhinga burageramiye cane ingeso nziza yo kumenya kugira aho kwubika ibanga, gukingira ibikorwa vya muntu tutavuze n'izindi nkurikizi zifatiye kw'ikoreshwa nabi ryabwo. Aha twovuga ugukumirana, ukwivanga mu bikorwa vy'amatora, ugushiraho ingendo mu bantu yo gucungana no kurerekana, ugukumirwa mu bijanye n'ubwo buhinga no gukomeza ku buryo bukabije umutima wa satuntu twanje utuma twikura mu bandi. Ivyo vyose birashobora gutera ukwinubana no kubangamira amahoro.

4. Ubuhinga buri naho bugarukira

Isi yacu ni nini cane ku buryo atawokwihenda ngo arashobora kuyimenya mu mpande zose. Ubwenge bw'umuntu ntibushobora kumenya ivyiza vyose ishishiriye, naho hokoresha ubuhinga buhanitse gute. Ntibushobora kudutomerera neza na neza, ku buryo burangutse, ibijanye n'akazoza. Ico buduha n'ibiharuro-ngereranyo gusa. Vyose ntibishobora gutegekanywa, canke gushirwa mu biharuro. Mu vy'ukuri uko ikintu kimeze bisumba kure n'iyo icyumviro kirora

kuri co. Naho twogerageza kubisorongora mu buryo bushoboka, hazokwama hariho aho tudashobora gushika mu gupima canke guharura.

Naho ubwo « bwenge buhanitse bufatiye k'ubuhinga bwa none » bushika ku bintu vyinshi, ivyo ntibisigura yuko habuzemwo impengamiro. Mu gihe uwo bwenge buciye mu minyuro itandukanye, bwisunga amakuru bwahawe, hazokwama hari ugusubira mu karenganyo no mu vyiyumviro vy'aho babihinguriye. Uko bidushikira bitsivye kandi n'umuvuduko munini niko bitugora gutahura ico vyatanze.

Mu buhinga bwinshi, ivyuma birashobora gushika ku bintu babitumye, yamara intumbero be n'insiguro yose yavyo bizoguma bishingwa n'abantu bisunze ivyiza bashaka gushikako. Ikibazo caduka mu gihe bene gukoresha ivyo vyuma bafatira ku bintu bidatomoye maze hageze gufata ingingo ugasanga ntizama zisunga ineza ya bose. Ivyo vyose kenshi biva ku kurondera gufatanya ivy'ubutunzi n'ubuhinga ku buryo ico bashira imbere ari inyungu, gutyo bakirengagiza ivyo vyose bitinjira muri iyo ntumbero. Dutegerezwa kwemera kuzirikana ikintu gihambaye mw'iterambere rya muntu n'imibano, cama kibagiwe n'abakoresha ubwo buhinga buhanitse. Na co ni ukumenya ko ubuhinga budashobora vyose.

Nkako naho ku bwa ngingo umuntu ari nyagupfa, uko aguma arondera kurengera inzitizi zose abicishije mu buhinga bwa none mu kurondera kuganza vyose ahakwa gusanga wenyene ubwiwe yibuze ; muri iyo nyota yo kurondera umwidegemvyo uhejeje, asanga yaguye mu bundi buja bw'ubwo buhinga nyene. None rero, ukumenya kwiyakira nk'ikiremwa kiri naho kigarukira ni ingendo nkenerwa kugira ngo umuntu ashobore kuronka igihagararo kibereye nk'ingabire. Bitabaye uko, mu bihe nk'ibi hashirwa imbere gusa ubuhinga bujanye n'ukwigira mutananirwa muri vyose na hose, bizotuma ubusumbasumbane mu bantu buguma bwongerekana, maze ubumenyi n'ubutunzi vyizizirwe n'abantu bari ku rushi ; bizotuma haba rero ihungabanywa ry' intwaro zubakiye ku ntwaro rusangi no kubana mu mahoro.

5. Ivyo kwitondera mu misi ya none

Turiko turihweza kazoza k'isi, turabona neza ko kugira umuntu yizerwe mu gusaba ingurane mu mabanki, akwize ibisabwa kugira yizigirwe, ashobore kuronswa akazi, canke ugushobora kumenya ko imbohe irekuwe ishobora gusubira kugwa

mu caha, ukuronsa ubuhungiro abanyepolitike canke ugushobora gutanga imfashanyo mu buzima bw'imibano, ivyo vyose bizohora bikorwa n'izo mashini nyabwonko.

Ko ata rwego rutegekanijwe rwo gusuzuma imikorere y'ivyo vyuma, amahinyu ntiyobura na cane cane afatiye ku karenganyo kajana n'ikumirwa mu bantu. Nkako, uko ubwo bwenge bw'ubuhingurano buguma butera imbere cane, niko hazobaho ihohoterwa rya kiremwa muntu, abantu ntibangane imbere y'amategeko be no mu mibano y'abantu. Kuko ubwo bwenge buzoba bufise inguvu nyinshi burengere mbere n'abafise ubushobozi bwo gutunganiriza abandi hageze gufata ingingo ya nyuma. Bazoba bitwaje ubwo ubuhinga canke ubwenge bukoreshwa n'izo mashini mu kumenyesha ibintu n'ibindi. Ubwenge twamaze kuvuga bukoreshwa mu kugenza abantu ukwo bashaka n'ugukurikirana ivyo baba bariko barakora.

Ukwirukira ubwo buhinga nyurabwonko biratuma haba ivangurwa ry'abantu, bamwe bagakumirwa, abandi bakarerekwa ingene bakoresha amatungo yabo, abandi bagakoresha ayo matungo nk'uko yoba ari rwabo.

Ivyo rero bishobora gutuma havuka ivyiyumviro vyinshi mu basangiye igihugu maze bagacanamwo, bagatangura kwinubana. Aha twomenya ko bitazoheza ngo bigire ingaruka ku bakoresha ubwo bwenge bonyene, bizorandagata bishikire n'abandi ataco babiziko na gatoyi. Ntituyobewe ko icubahiro n'iteka ry'umuntu bisaba ko umwubaha, ukamwubahiriza n'ibimugize vyose. Ntitwemerere ibindi vvyiyumviro vyoza bitwemeza izindi nyigisho zigenga ikiremwa muntu, tubanje guhonyanga inyigisho-shingiro kandi ihambaye y'ukugira impuhwe n'ikigongwe aho kwitiranya umucumuzi n'akabi kiwe kandi ashobora kukavamwo agahinduka.

Mur'ico gihe rero, ntawokwiyobagiza ko ubu buhinga bwa none twese budukorako kandi ntibubura ico bugenda buhinduye mu buryo bw'ibikorwa vyacu vya misi yose. Nkako ivyaha bikorwa n'abantu, ubu vyarahindutse bishingwa amahinguriro ; ni yo abikora akoresheje ayo mamashini. Ivyo rero bica bivyara bwa busumbasumbane mu bantu maze abatunze bagatunga ukuruta mu gihe abakene barushirizaho gukena. Ukwitwararika icubahiro n'agateka k'abakozi ni inkoramutima ku mukozi no ku neza y'ubutunzi bw'abantu, umutekano w'umukozi n'impembo yiwe bitegerezwa kuza ubwambere mu ndinganizo

y'amategeko mpuzamakungu, naho ubwo bwenge bw'ubuhinga nyurabobwonko buguma bushaka kwivanga cane mu bibanza vy'akazi.

6. Ubwo tuzohindura inkota tuzicuremwo amasuka ?

Dutereje ijisho hirya no hino tukaraba isi turimwo, ntidushobora kwirengagiza ubwo buhinga bwa none kandi buhanitse ku vyerekeye ibirwanisho. Ubushobozi bwo gukoresha ivyo birwanisho gushika mu birere biri kure na kure, ububasha bw'ukubicungera, vyatumye bene kubikora no kubikoresha batiyumvira inkurikizi nyinshi zavyo; ivyo bikajana no kwirengagiza uruhara rwabo mu kubikoresha maze ikibazo c'ingwano kigafatwa minenerwe.

Ubushakashatsi bukorwa muri ubwo buhinga ku bijanye n'ibirwanisho ruhonyanganda n'ikoreshwa ryavyo muri ubwo buhinga buhanitse, ni ikintu gihagaritse umutima benshi muri kino gihe. Ubuhinga buhanitse bwo gukora no gukoresha ivyo birwanisho buguma bwega umuntu, kuko ari we abikora, akabiha n'intumbero. Ni co gituma ari nkenerwa kurondera ingene vyocungerwa neza.

Ntitwokwirengagiza kandi ko bishika ivyo birwanisho bigakoreshwa n'imigwi y'iterabwoba canke n'uturwi turondera gutembagaza, hirya no hino, ubutegetsi buzwi n'amategeko. Muri make isi ntikeneye namba ko ubuhinga bwa none buzana iterambere ridatunganye, rimesha amasoko mpuzamakungu y'ibirwanisho kuko ata kindi bigamije atari intambara. Kubera ico, ubwenge n'umutima w'umuntu birahakwa kuguma ari murerembo.

Ikoreshwa ry'ubuhinga buhanitse ntiryotumbera gutorera umuti ingwano biciye mu gikenye, ahubwo bwokomezwa nyabuna inzira y'amahoro. Iyaba ubwenge buhingurano bwari butumbereye kuresha iterambere nyakuri, ryuzuye rya muntu, aho rero bwoterereye cane mu bisata vy'uburimi, indero n'imico, iterambere ry'ibihugu, ugukuzwa umuvukano mu bantu no mu kibano. Ku bwa ngingo, igipimo kitabesha c'ikoreshwa ryiza ry'ubwo buhinga ni ukwitwararika ba birenzwa amaso.

Nitwaba dushaka kazoza keza kuzuye iteka n'ubuntu ni uko hoba ugukorana, ukuzuzanya, mu buhinga butandukanye mu kuburonsa intumbero ishira imbere ineza. Ni co gituma mu kuvyiyumvira, mu kubihingura no mu kubikoresha ari

nkerwa cane kubiha intumbero ifasha gukomeza ineza. Abahinga n’abandi babifeseemwo ijamba ni bo vyega.

7. Intambanyi ku ndero

Iterambere ry ubuhinga ryubahiriza kandi rigaharanira agateka ka zina muntu rirunganira cane mu ndero no mu mico y’abantu. Uko hagwizwa uburyo bw’ubuhinga bwo gutumatumanako amakuru ni ko bifasha abantu gushikirana mu buryo bushasha. Yamara harakenewe kwama twibaza ingene iyo migenderanire mishasha tugenda tugana iteye. Amashure yose n’ibindi bigo bitegura incabwenge, bitegerezwa gufasha abanyeshure bo ku nzego zitandukanye kumenya kugira rwabo ikoreshwa ry’ubwo buhinga mu mpande zose. Inyigisho itegerezwa gufasha abantu kumenya guhwebuza ntibapfe ivyo batoye. Birakenewe rero ko abo bose bakoresha ubwo buhinga, cane cane urwaruka, bokwiga neza ikoreshwa ryabwo, bakamenya guhwebuza imbere yo kwakira amakuru yose abashikira. Amashure mato n’ayisumbuye ndetse na kaminuza hamwe n’abasanze bakoresha ubwo buhinga bofasha abanyeshure n’ababukoresha gutera imbere.

Inyigisho y’ubuhinga bushasha yojana no gufasha gusambura ibinyoma no gutsinda ubwoba bufatiye ku bintazi. Ikibabaje ni uko dutegerezwa kugwana n’iyo mpengamiro yo kurondera kuduza impome zitandukanya abantu n’abandi, aho gukomeza ingendo nziza yo kubana mu mahoro n’abavukanyi.

8. Intambanyi mw’iterambere rijanye n’amategeko mpuzamakungu

Wihweje ingene ubwo buhinga bumaze gushwara isi yose, biribonekeza ko ari nkenyerwa ko ibihugu n’amashirahamwe mpuzamakungu vyoterera mu gikorwa co gutanga umurongo ubwo buhinga bwokwisunga biciye mu masezerano. Muri iyo ntumbero, ndasavye nshimitse ngo ibihugu bikorere hamwe kugira bishike ku masezerano akomeye, atomoye yubahiriza akaringaniza iterambere n’ikoreshwa ry’ubwo buhinga mu mpande zose.

Intumbero y’ico gikorwa ntiyoba gusa iyo gukinga no kuzitira ingendo idashemeye, ariko kandi yoba iyo gukabura ingendo nziza yokunganira abifuzaga gukoresha ubwo buhinga ku neza ya bese.

Ku bwa ngingo, mu ngendo yo kurondera no gukoresha neza ubwo buhinga bwa none, ni nkenerwa kubanza kumenya ibishobora kwubaka umuntu n'umubano wiwe kugira bibe umushinge w'ishingwa ry'amayandi mategeko akenewe.

Igikorwa co gutegura amategeko abwirizwa gufasha mu guhingura no gukoresha ubwo buryo, ntashobora kwirengagiza gusuzuma ibibazo bijanye n'ubuzima bwa muntu, ugukingira agateka kiwe no guharanira amahoro. Iyo nzira yo gutohoza icokorwa no kumenya amategeko irashobora kuba ngirakamaro mu gufasha gutegera uruhara rw'ubuhinga mu migenzo y'umwumwe ndetse n'iy'abanyagihugu ; nkako iryo koreshwa rishobora kugira uruhara mu guhindura isi ikaba nziza ukuruta. Ni co gituma muri ico gikorwa ba birenzwamaso batokwibagirwa co kimwe n'abahungiyeye hanze y'igihugu, abakumirwa mu gihe co gufata ingingo kw'isi.

Ndizigiye rwose ko ibi vyiyumviro bizokunganira impera n'imperuka iterambere ry'ubuhinga bwa none kugira ngo rishire imbere kuremesha umubano mwiza n'amahoro mu bantu.

Si iterambere ry'abantu bakeya, ahubwo ni iry'umuryango w'abantu bose. Nkako, amahoro ni icamwa cerekana umubano mwiza hamwe n'iterambere ryunganira mu gufashanya no mu kwitangira ineza y'umuntu wese n'abantu bose.

Mu ntango z'uno mwaka mushasha, igisabisho canje ni uko ubuhinga bwa none bwokunganira mw'iterambere nyakuri ku buryo bwotorera umuti ikibazo c'ubusumbasumbane n'akarenganyo bimaze kwibonekeza kw'isi, maze hakaba guhagarika intambara, kugabanya imishamirano iri mu ngo nyinshi.

Ese abakristu n'abo mu yandi madini atandukanye, hamwe n'abantu bose Imana ikunda bakayikundira, boja hamwe bagaterera mu gikorwa co guhangana n'ubuhinga bwa none ngo bumvikane mu gufata ingingo zo kuzoraga abana bacu isi irangwa n'ubumwe, ubutungane n'amahoro.

Bigiriwe i Vatikanu, igenekerezo rya 8 Kigarama 2023

Papa Fransisiko